

Kenbe Lakay ou an Sekirite: Yon Lis Verifikasyon pou Kay ki An Sante

Ou ka anpeche danje nan anviwònman lakay ou. Itilize lis verifikasyon sa a pou jwenn ak repare danje lakay ou. Jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa yo ak lòt fason pou kenbe lakay ou an sekirite nan [nyc.gov/health/healthyhomes](https://www.nyc.gov/health/healthyhomes).

Èske danje sa a prezan?

Si wi, sa yo se bagay ou ka fè:



Plon nan penti: Plon se yon metal danjere ki ka lakòz pwoblèm sante grav. Yo jwenn plon souvan nan ansyen penti. Pent ki fèt ak plon k ap dekale ak pousyè li kreye a ka anpwazonnen pitit ou a. Si bilding ou an te bati anvan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 epi pwopriyetè a konnen bilding lan gen penti ki fèt ak plon), verifiye mi, rebò fenèt, pòt ak lòt sifas pou wè si gen penti ki dekale oswa andonmaje.

Èske gen penti ki dekale oswa ki andonmaje lakay ou **epi** èske w gen yon timoun ki poko gen 6 lane ki abite avèk ou oswa ki pase 10 èdtan oswa plis chak semèn lakay ou?

Non **Wi**

- Mete pwopriyetè ou a okouran si ou wè penti ap dekale. Si pwopriyetè a pa ranje li oswa travay reparasyon an pa t fèt san danje, rele **311** pou mande yon enspeksyon gratis.
- Lave planche, rebò fenèt, men ak jwèt yo souvan.
- Retire soulye ou anvan ou antre lakay ou.
- Raple pwofesyonèl swen sante w la pou l teste pitit ou a pou entoksikasyon plon lè li gen 1 ak 2 lane, epi poze kesyon sou tès timoun ki pi gran yo. Rele **311** pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante.



Plon ki soti nan lòt sous: Gen kèk manje, epis, medikaman, seramik, poud kiltirèl, jwèt, ak bijou oswa amilèt ki soti nan zòn atravè mond lan ka gen gwo nivo plon. Yo prezante pwodui pou siveye yo nan [nyc.gov/hazardousproducts](https://www.nyc.gov/hazardousproducts). Ou ka jwenn plon nan plonbri ki enstale anvan 1961 oswa ki te repare anvan 1987 tou.

Èske w itilize pwodui tankou manje, epis, medikaman, seramik, pwodui kosmetik, jwèt, bijou oswa amilèt ki soti nan lòt peyi?

Non **Wi**

- Pa sèvi ak pwodwi ki soti nan lòt peyi ki ka gen plon, tankou sèten manje ak epis, medikaman, seramik, pwodui kosmetik, jwèt, ak bijou oswa amilèt.
- Itilize dlo tiyo sèlman pou bwè ak kwit manje. Kite dlo a koule pandan omwen 30 segonn anvan ou itilize l.
- Rele **311** pou resevwa yon tisak (kit) tès plon gratis pou dlo pou bwè.

Oswa
Èske w gen ansyen plonbri nan bilding ou an (ki enstale anvan 1961 oswa repare anvan 1987)?

Non **Wi**



Mwazi: Mwazi se yon kalite chanpiyon ki ka gen anpil koulè diferan tankou gri, nwa, vèt, jòn oswa oranj. Ekspozisyon ak mwazi ka lakòz reyaksyon alèjik oswa ka deklanche atak opresyon. Verifiye kote ki imid, tankou twalèt la, sousòl ak alantou rebò fenèt ki ansyen yo kote mwazi gen tandans devlope.

Èske mi yo, planche yo, plafon yo oswa nenpòt lòt sifas gen siy vizib mwazi k ap devlope, tankou tach diferan koulè?

Non **Wi**

- Mete pwopriyetè ou a okouran sou tout fuit tiyo, pwoblèm imidite ak mwazi ki vizib. Pwopriyetè yo dwe retire mwazi andedan kay la epi rezoud pwoblèm ki lakòz mwazi yo san danje. Si pwoblèm nan pa rezoud, rele **311**.

Oswa
Èske gen pwoblèm dlo, tankou fuit oswa twòp imidite nan kay ou a?

Non **Wi**

- Itilize dlo ak detèjan pou netwaye mwazi sou mi yo oswa lòt sifas ki difisil ak ti kote ki gen mwazi.
- Kite kote ki mouye yo pran van (pa egzanzp, twalèt ak kizin) lè w ouvri yon fenèt oswa lè w louvri yon vantilatè pandan w ap benyen oswa fè manje.
- Sèvi ak yon aparèy pou retire imidite pou bese nivo imidite lakay ou.



Bèt nuizib: Ravèt ak sourit ka kontamine manje, andomaje kay, epi fè opresyon ak alèji vin pi mal. Verifiye nan zòn kote ou gen manje ak dlo, tankou kizin ak twalèt.

Èske ou wè ravèt, sourit, kaka bèt oswa mak moulen?

Non **Wi**

- Mete pwopriyetè ou a okouran konsènan bèt nuizib ak kondisyon ki atire bèt nuizib — tankou fuit dlo, fant ak twou nan mi oswa planche, ak ankonbreman nan zòn komen yo. Si pwoblèm nan pa rezoud, rele **311**.
- Kenbe kay ou pwòp epi sèk, sitou kizin nan.
- Mete manje yo nan veso ki byen fèmen.
- Ranje kote ki ankonbre yo.
- Mete fatra nan sache oswa poubèl ki fèmen, epi retire yo lakay ou chak jou.
- Pa janm sèvi ak pwodui fimijèn, bonm oswa pestisid ki trè toksik tankou Sniper DDVP, Tres Pasitos, Chinese Chalk oswa Tempo dust. Yo dwe sèlman itilize pestisid nan yon fason ki an sekirite jan yo prezante sa sou etikèt la.

Èske danje sa a prezan?

Si wi, sa yo se bagay ou ka fè:



Pwoteksyon fenèt: Pwoteksyon fenèt ki byen enstale pwoteje timoun yo kont lanmò ak blesi grav, menm depi nan premye etaj la. Twil fenèt yo pa ranplase pwoteksyon fenèt yo.

Èske lakay ou pa gen pwoteksyon fenèt **ak** èske ou gen yon timoun ki poko gen 11 lane ki abite avèk ou oswa ki pase tan lakay ou?

Non **Wi**

- Si yon timoun ki poko gen 11 lane ap viv nan apatman an epi bilding nan gen twa (3) oswa plis apatman, alò:
 - Yo dwe enstale pwoteksyon fenèt oswa arè fenèt nan tout fenèt apatman yo, san wete fenèt ki ka glise yo, eksepte fenèt ki mennen nan eskalye sekou yo.
 - Pwopriyetè a dwe enstale yon fason pèmanan ak an sekirite inite klimatizasyon pou tout fenèt ki genyen yo.
 - Mande pwopriyetè ou an pou l enstale pwoteksyon fenèt yo. Se pwopriyetè bilding ou an, pa oumenm, dwe enstale ak repare tout pwoteksyon fenèt yo.
- Rele **311** si pwopriyetè ou an pa enstale okenn pwoteksyon fenèt ki manke.
- Ou ka mande pwoteksyon fenèt menm si ou pa gen yon timoun ki poko gen 11 lan k ap viv nan kay la.



Detektè lafimen ak monoksid kabòn (Carbon Monoxide, CO): CO se yon gaz san koulè san odè ki ka lakòz maladi toudenkou ak lanmò. Detektè lafimen ak CO sove lavi lè yo bay yon alèt bonè lè gen dife oswa lè gen nivo lafimen oswa CO danjere nan kay la.

Èske pa gen detektè lafimen oswa CO nan kay ou a? **oswa** èske yo gate oswa pa fonksyone?

Non **Wi**

- Mande pwopriyetè ou an pou l enstale detektè lafimen ak CO tou pre zòn kote yo dòmi. Pwopriyetè yo dwe bay ak enstale omwen yon (1) detektè lafimen ak CO ki apwouve epi k ap fonksyone nan chak inite. Si pwopriyetè a pa enstale yo, rele **311**.
- Teste detektè yo omwen chak sis (6) mwa epi ranplase pil ki ka sòti yo. Lokatè yo responsab pou fè antretyen nan detektè yo.
- Ranplase detektè lafimen ak CO chak senk (5) jiska 10 lane, selon modèl la. Verifie dat fabrikasyon an sou pwodui a.



Pwazon nan kay la: Pwazon yo ka fè nou malad si nou vale, devèse, gaye, manyen oswa respire yo. Pran mezi pou w pwoteje kay ou kont pwazon.

Èske gen nenpòt pwodui netwayaj nan kay la, doz detèjan lesiv, medikaman, pestisid oswa pwazon rat kote timoun oswa bèt kay ka rive jwenn yo?

Non **Wi**

- Kenbe pwodui chimik yo, pwodui nan kay la ak medikaman yo kote timoun yo pa ka rive, epi sèvi ak kadna sekirite oswa yon bwat fèmèn pou estokaj.
- Kenbe tout pwodui netwayaj ak medikaman nan bwat yo te vini an san w pa andomaje etikèt la.
- Pa janm konsève bagay ki pa manje nan menm espas ak manje.
- Itilize resipyan timoun paka louvri pou estoke pwodui netwayaj, epi asire w yo fèmèn kòrèkteman.
- Mete plant nan kay la anlè kote yo paka rive jwenn yo. Aprann ki plant ki toksik pou timoun ak bèt kay. Mete etikèt non sou tout plant ki nan kay la. Chwazi plant ki pa toksik pou kay ou.
- Anrejistre nimewo Sant Kontwòl Pwazon Vil New York (212-764-7667) nan telefòn selil ou. Ou ka jere lakay ou anpil kontaminasyon pwazon. Rele Sant Kontwòl Pwazon Vil New York la touswit si w panse gen yon kontaminasyon ak pwazon.

Resous

- Mete propriyetè ou a okouran konsènan yon pwoblèm antretyen bilding nan. Si yo pa repare pwoblèm yo, rele **311**.
 - Rezidan NYCHA yo dwe rele Sant Kontak Kliyan NYCHA Maintenance nan 718-707-7771 pou siyale yon pwoblèm antretyen.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kenbe kay ou pwòp ak an sekirite, ale sou nyc.gov/health/healthyhomes, imèl healthyhomesecp@health.nyc.gov oswa rele 646-632-6023.
- Pwogram Katie An Sante (Healthy Neighborhoods Program, HNP) fè evalyasyon kay gratis pou timoun ak granmoun ki gen opresyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health epi chèche **HNP**, oswa rele nan 646-632-6023.
- Rele Sant Kontwòl Pwazon Vil New York la nan 212-764-7667 pou jwenn konsèy gratis sou tretman ak enfòmasyon sou pwazon ak sekirite medikaman. Famasyon ak enfimyè ki anrejistre epi ki sètifye nan enfòmasyon pwazon yo disponib 24/24, 7/7. Tout apèl yo gratis ak konfidansyèl. Gen sèvis tradiksyon dokiman ak tradiksyon nan bouch ki disponib.